# BÁHAR MÁWSIMINDE JÚZ BERETUǴIŃ KEWILSIZ JAǴDAYLAR

**R. Reimov**

Shomanay rayonı AJB Phám QB aǵa inspektori kapitan.

**https://doi.org/10.5281/zenodo.15120963**

***Anotatsiya.*** *Bul maqalada báhar máwsiminde júz beretuǵıń kewilsiz jaǵdaylar, ayrıqsha jaǵdaylar haqqında sóz etilgen.*

***Gilt sózler:*** *máwsim, ayrıqsha jaǵdaylar, órt qáwipsizligi, elektr liniyaları.*

## НЕОЖИДАННЫЕ СОБЫТИЯ, ПРОИСХОДЯЩИЕ В СЕЗОН МУССОНОВ

***Аннотация.*** *В статье рассматриваются неожиданные события и чрезвычайные ситуации, произошедшие в весенний сезон.*

***Ключевые слова:*** *сезон, чрезвычайные ситуации, пожарная безопасность, линии электропередач.*

## UNEXPECTED EVENTS THAT OCCUR DURING THE SPRING SEASON

***Abstract****. This article discusses unexpected events and emergencies that occur during the spring season.*

***Keywords:*** *season, emergencies, fire safety, power lines.*

Mine házir báhar máwsimi ótip atır. Xár bir nárse shóp-sharlar kúnniń ıssısınan quwrap sal ǵana ushqınnıń ozinen janıp ketiwi itimallıǵı bar.

Sonlıqtan da bul kúnleri órt qawipsizligin támiyinlew máselesi eń bir juwapkerli hám ahmiyetli talaplardan bolıp esaplanadı.

Ásirese mal qoralarda, tamarqa jerlerde jıynalıp qalǵan quwraq samtıq ot-shóplerdi óz waqtında tiyisli orınlarǵa shıǵarıp taslaw, yaǵnıy olardı alıs orınlarǵa qáwipsiz shıǵarıp taslaw, elektr liniyalarınıń astılarına salınǵan mal qora yaki mal shóbi pishen gudilerin basqa orınlarǵa kóshiriw, taslandı zatlardı joq etiw, balalardıń shırpı menen oynawına jol qoymaw kerek.

Házirgi kúnde Ayrıqsha jaǵdaylar bólimi xızmetkerleri tárepinen puqaralarımızdıń turaq jayların órt qáwipsizligi boyınsha kózden ótkergenimizde eń kóp ushrasatuǵın kemshiliklerden biri bul turaq jayına jaqın etip qurılǵan nan jabıw tandırları bolıp tabıladı.

Biz sonı ayrıqsha atap ótiwimiz kerek. Geypara puqaralar jaylarına 2, 3 metr aralıqta tandır salıp, órtke itibarsız bolmaqta.

Úylerde ornatılǵan qazanxanalardıń morılarınıń sırtqa shıǵıp turǵan jerindegi atiraplarıń házirgi kúnlerden baslap-aq órt payda etpeytuǵın jaǵdayǵa keltiriw kerek.

Kúndelikli turmıs tájirybelerimizden kórip júrgenimizdey, bir úydegi bir ǵana adamnıń itibarsızlıǵınan, juwapkersizliginen júz bergen órt jaǵdayı tek ǵana sol úyge ǵana emes, al atiraptaǵı qońsılardıń uylerin de qamtıp ketiwi itimal.

Sonlıqtan hár bir puqara órt qawipsizligi talaplarına ámel etip, óziniń hár bir is-háreketine qatań abaylı bolıwı, xalqımız ushın «Tilsiz jaw» esaplanǵan bul kewilsiz jaǵdaydı boldırmawǵa kúsh salıp, xáreket etiwleri kerek.

Xalıqtıń biyqaterligin, jaqsı kewil-keypiyatın saqlawda bul ahmiyetli iske hár bir puqara, hár bir mekeme hám karxana basshısı ayrıqsha juwapkershilik penen qarap is tutıwı tiyis.

Mekemelerde, shólkemlerde, úylerde elektr hám gaz úskenelerinen durıs paydalanıwdı umıtpań!

Sonıń menen birge úyden shıǵıp keterden aldın úylerde gaz hám elektr úskenelerin qarawsız qaldırmań, onı jas balalarǵa isenip tapsırıp ketpeń, kishkene balalardın elektr, televizor hám basqa da úskenelerdi nadurıs isletiwine, yaki olarǵa qol tiygiziwine jol qoymań.

Mine usınday tartip-qadelerge óz waqtında ámel etip, itibarda qarap barsaq hár birimiz ózimizdiń shańaraǵımızdı kewilsiz jaǵdaylardan asraǵan bolamız.

Shańaraqlarıńızǵa amanlıq, órt hám basqada kewilsiz jaǵdaylardan aman bolıń aziz puqaralar!